OASAS Criminal Background Check Unit, Counsel's Office 1450 Western Avenue Albany NY 12203 Faks: 518-485-2335 Adrès Imèl: cbc@oasas.ny.gov	**KONFIMASYON** **Fòm Konsantman Moun ki Aplike pou Fè Anprent Dijital pou Tchèk Dosye Kriminèl (Criminal Background Check, CBC) OASAS** **(Apandis V)**	**BIWO ETA NEW YORK POU SÈVIS POU ABI ALKÒL AK DWÒG (NEW YORK STATE OFFICE OF ALCOHOLISM AND SUBSTANCE ABUSE SERVICES)**

Pati 1. Enfòmasyon sou Sètifika Moun ki Aplike a (Tanpri Ekri an Lèt Detache)

Non Fanmi:	Prenon:	MI:
Dat Ou Fèt:	Nimewo Sekirite Sosyal:	
Adrès moun ki aplike a:		
Kalite Aplikasyon pou Sètifika a:		

Pati 2. Atestasyon

1. Yo te fè mwen konnen nan metòd aplikasyon an, lalwa egzije Biwo pou Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (OASAS) pou yo mande tchèk enfòmasyon sou istwa kriminèl nan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York ak Biwo Ankèt Federal (Federal Bureau of Investigation, FBI), epitou lalwa otorize OASAS pou yo revize ak evalye rezilta tchèk enfòmasyon istwa kriminèl DCJS ak FBI resevwa a. Yon kondanasyon pou sèten krim ka lakòz mwen pa kalifye pou jwenn sètifika an.
2. Mwen bay konsantman mwen pou yo fè ak soumèt anprent mwen pou yo tcheke enfòmasyon sou istwa kriminèl mwen nan DCJS ak FBI, epitou mwen bay konsantman mwen pou OASAS revize enfòmasyon ki nan istwa kriminèl mwen nan Eta New York ak nan FBI, si genyen, DCJS te retounen an, nan ankèt sou dosye kriminèl mwen pou yo konnen si mwen kalifye pou resevwa akreditasyon an, oswa pou sètifika a kòm yon operatè moun nòmal.
3. Yo te fè mwen konnen metòd yo egziste pou mwen jwenn, revize epi, si li nesesè, pou chèche korije enfòmasyon ki nan istwa kriminèl mwen dapre règleman DCJS mete anplas nan 9 NYCRR Pati 6050, ak FBI, si li posib.
4. Yo te fè mwen konnen mwen gen dwa pou retire aplikasyon mwen pou akreditasyon an oswa pou sètifika a kòm yon operatè moun nòmal, san mwen pa jwenn sanksyon, nenpòt lè anvan yo ban mwen akreditasyon an oswa sètifika a kòm yon operatè moun nòmal kèlkeswa si OASAS te revize enfòmasyon ki nan istwa kriminèl mwen.
5. Yo te fè mwen konnen rezilta tchèk enfòmasyon istwa kriminèl DCJS ak FBI te voye ba OASAS dwe rete konfidansyèl dapre lwa, règ ak règleman federal, lwa, règ ak règleman leta ki anvigè, epitou yo dwe divilge yo sèlman ba moun ki gen otorizasyon lalwa. Y ap konsidere enfòmasyon kriminèl yo dapre Atik 23-A Lwa Koreksyon Eta New York (NYS Correction Law) lè y ap deside si y ap ban mwen sètifika a.
6. Mwen konfime anprent dijital mwen soumèt yo se pou mwen yo ye, epitou mwen konfime enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè, konplè ak egzat.
7. Mwen konfime dapre tout sa mwen konnen, mwen: (tcheke sa ki konsène ou)

   ☐ te jwenn kondanasyon lajistis pou yon krim nan jiridiksyon Eta New York oswa nan nenpòt lòt jiridiksyon.

   ☐ gen akizasyon ki endike nan arestasyon ki annatant.

   Si ou tcheke sa a, bay detay yo:_____

   _____
8. Yo te fè mwen konnen yo mande nimewo sekirite sosyal mwen pou OASAS ka tcheke si mwen sou Lis Esklizyon Anplwaye (Staff Exclusion List) yo konsève nan Rejis Santral Moun Frajil (Vulnerable Persons' Central Registry) epi tchèk sa a obligatwa dapre Lwa §495 sou Sèvis Sosyal (Social Services Law) epitou y ap fè tchèk la anvan yo tcheke enfòmasyon sou istwa kriminèl mwen. 14 NYCRR Pati 702 prevwa y ap pran nimewo sekirite sosyal yo pou rezon sa a, epi si mwen pa bay nimewo sekirite sosyal mwen sa ka anpeche yo konsidere mwen pou sètifika mwen aplike a.

Siyati Moun ki Aplike a:		Dat la:

Part 3. OASAS Authorized Person Information (For Office Use Only)

Name:		Title:
Signature:		